



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

*COVID-19 lakòz 11 lanmò nan tout eta a yè*

*Gouvènè Hochul resevwa dezyèm dòz rapèl COVID-19*

*Foto evènman an yo disponib [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19. Bonè nan apremidi sa, Gouvènè Kathy Hochul te resevwa tou dezyèm dòz rapèl li a, dòz rapèl COVID-19 Pfizer a. Gouvènè Hochul te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan nan mas 2021 epi [te resevwa premye dòz rapèl li](#), dòz rapèl COVID-19 Moderna, nan oktòb 2021.

**Nòt Enpòtan:** Apati jodi a, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, apati mizajou demen an, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done.

"Vaksen an ak dòz rapèl la se pi bon zouti nou pou pwoteje tèt nou kont COVID-19 epi kontinye avanse an sekirite nan pandemi sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan mwen te pran dezyèm dòz rapèl mwen an kounye a ke mwen elijib, ki ban mwen yon kouch pwoteksyon anplis kont COVID-19 ak ede mwen kenbe fanmi ak kominote mwen an sekirite. Pa gen yon pi bon moman: si ou poko vaksinen, pran yon randevou jodi a epi asire ou enskri pou dòz rapèl ou a osito ou elijib. Si ou pa santi ou byen epi ou gen sentòm, li enpòtan pou w fè yon tès COVID-19 epi rete lakay pou pwoteje kominote nou an".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 13.06**

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 17.46 (17.76\*)**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 74,355**
- **Total Pozitif- 2,553**
- **Pousantaj Pozitif - 3.43%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 2.95 % (3.00%\*)**
- **Kantite Pasyan Ki Entènè Lopital - 836 (+11)**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entènè - 99**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 120 (-5)**
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon - 48 (-3)**
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 291,273 (+98)**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS - 11**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS- 55,166**

\* Chif sa yo enkli tès adomisil ke Konte Onondaga, kontrèman ak lòt konte yo, te bay nan rapò chak jou yo bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Rapò alavni nan Konte Onondaga pa pral gen ladan done tès adomisil yo pou asire aliyman ak konsistans ak lòt konte yo.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 70,291**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou sa ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 37,559,707**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 21,502**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 149,712**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen- 92.1%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 83.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 95.0%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 86.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 82.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 72.7%**

- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 81.6%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 73.8%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 89.6%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 76.3%

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa

<b>REJYON</b>	<b>Vendredi 1 avril 2022</b>	<b>Samdi 2 avril 2022</b>	<b>Dimanch 3 avril 2022</b>
Capital Region	13.58	14.18	14.12
Central New York	38.96 (49.02*)	40.40 (48.84*)	41.50 (49.08*)
Finger Lakes	14.92	15.71	16.79
Long Island	13.63	14.00	14.27
Mid-Hudson	15.00	15.93	16.07
Mohawk Valley	21.87	22.58	22.55
New York City	15.94	16.74	17.26
North Country	18.14	19.20	19.47
Southern Tier	22.70	22.23	23.11
Western New York	11.41	12.16	12.37
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>16.31 (16.71*)</b>	<b>17.03 (17.37*)</b>	<b>17.46 (17.76*)</b>

\* Chif sa yo enkli tès adomisil ke Konte Onondaga, kontrèman ak lòt konte yo, te bay nan rapò chak jou yo bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Rapò alavni nan Konte Onondaga pa pral gen ladan done tès adomisil yo pou asire aliyman ak konsistans ak lòt konte yo.

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>Rejyon</b>	<b>Vendredi 1 avril 2022</b>	<b>Samdi 2 avril 2022</b>	<b>Dimanch 3 avril 2022</b>
Capital Region	3.74%	3.91%	3.92%
Central New York	4.30% (9.58%*)	4.53% (9.63%*)	4.66% (9.64%*)
Finger Lakes	3.97%	4.18%	4.46%
Long Island	2.98%	3.07%	3.13%
Mid-Hudson	2.87%	3.09%	3.13%
Mohawk Valley	4.08%	4.21%	4.16%
New York City	2.11%	2.18%	2.21%
North Country	3.62%	4.05%	4.16%

Southern Tier	3.68%	3.67%	3.84%
Western New York	3.23%	3.56%	3.86%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>2.79% (2.85%*)</b>	<b>2.89% (2.95%*)</b>	<b>2.95% (3.00%*)</b>

\* Chif sa yo enkli tès adomisil ke Konte Onondaga, kontrèman ak lòt konte yo, te bay nan rapò chak jou yo bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Rapò alavni nan Konte Onondaga pa pral gen ladan done tès adomisil yo pou asire aliyman ak konsistans ak lòt konte yo.

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>Minisipalite nan NYC</b>	<b>Vendredi 1 avril 2022</b>	<b>Samdi 2 avril 2022</b>	<b>Dimanch 3 avril 2022</b>
Bronx	1.15%	1.16%	1.18%
Kings	1.98%	1.99%	1.98%
New York	2.95%	3.09%	3.17%
Queens	1.93%	1.99%	2.04%
Richmond	2.21%	2.32%	2.37%

Yè, te gen 2,553 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 4,986,029. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	59,004	38
Allegany	8,929	2
Broome	45,231	34
Cattaraugus	15,417	3
Cayuga	16,302	30
Chautauqua	23,559	2
Chemung	21,324	13
Chenango	9,299	5
Clinton	16,757	12
Columbia	10,070	5
Cortland	10,633	6
Delaware	7,769	6
Dutchess	63,960	14
Erie	208,720	104
Essex	5,691	4
Franklin	9,503	8

Fulton	12,613	5
Genesee	13,649	7
Greene	8,633	3
Hamilton	872	1
Herkimer	13,811	8
Jefferson	20,047	8
Lewis	6,145	3
Livingston	11,617	12
Madison	13,178	21
Monroe	151,866	133
Montgomery	11,892	4
Nassau	403,647	161
Niagara	47,858	12
NYC	2,306,627	1,142
Oneida	53,357	38
Onondaga	103,071 (113,021*)	155
Ontario	19,951	21
Orange	106,587	42
Orleans	8,606	3
Oswego	26,301	52
Otsego	9,927	6
Putnam	23,628	8
Rensselaer	31,408	13
Rockland	92,377	34
Saratoga	46,089	17
Schenectady	32,923	10
Schoharie	5,004	1
Schuyler	3,475	4
Seneca	5,948	5
St. Lawrence	21,223	12
Steuben	19,896	9
Suffolk	426,561	143
Sullivan	18,378	5
Tioga	10,729	6
Tompkins	18,783	8
Ulster	31,698	8
Warren	13,606	6
Washington	12,070	4
Wayne	17,234	16
Westchester	250,974	117

Wyoming	8,269	2
Yates	3,383	2

\* Chif sa yo enkli tès adomisil ke Konte Onondaga, kontrèman ak lòt konte yo, te bay nan rapò chak jou yo bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York. Rapò alavni nan Konte Onondaga pa pral gen ladan done tès adomisil yo pou asire aliyman ak konsistans ak lòt konte yo.

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

<b>Rejyon</b>	<b>Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène</b>	<b>Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID</b>	<b>Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID</b>	<b>Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon</b>	<b>Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon</b>
Capital Region	48	35	72.9%	13	27.1%
Central New York	56	32	57.1%	24	42.9%
Finger Lakes	120	39	32.5%	81	67.5%
Long Island	131	55	42.0%	76	58.0%
Mid-Hudson	65	29	44.6%	36	55.4%
Mohawk Valley	28	15	53.6%	13	46.4%
New York City	258	106	41.1%	152	58.9%
North Country	43	26	60.5%	17	39.5%
Southern Tier	41	18	43.9%	23	56.1%
Western New York	46	25	54.3%	21	45.7%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>836</b>	<b>380</b>	<b>45.5%</b>	<b>456</b>	<b>54.5%</b>

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#)).

Yè, genyen 11 Nouyòkè ki mouri akòz COVID-19, sa ki fè total la vin 55,166. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Broome	1
Cayuga	1
Delaware	1
Onondaga	1
Queens	1
Richmond	1
Saratoga	1
Steuben	1
Suffolk	2

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib ki gen 5 ane ak plis, pou vaksinasyon san randevou nan tout sits yo sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan pou moun ki gen 12 zan ak plis. Enfòmasyon sou ki sit ki egzijè randevou pou timoun ki nan gwoup laj 5-11 ane disponib sou [sit entènèt nou an](#). Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte departman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, departman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

**Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.**

Yè, 1,845 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 2,617 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

**Done Vaksinasyon  
Rejyonal yo dapre  
Lokal Founisè a**

Rejyon	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo
Capital Region	969,442	66	887,523	69
Central New York	648,371	66	600,255	46
Finger Lakes	867,659	35	805,405	49
Long Island	2,195,117	247	1,955,187	258
Mid-Hudson	1,715,496	247	1,506,297	190
Mohawk Valley	326,425	16	303,944	14
New York City	8,060,365	1,028	7,152,829	1,847
North Country	306,301	24	277,459	19
Southern Tier	441,240	36	404,290	33
Western New York	958,461	80	882,291	92
Nan tout Eta a	16,488,877	1,845	14,775,480	2,617

**Dòz rapèl/vaksen  
adisyonèl**

Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo
Capital Region	471,955	1,163	7,830
Central New York	316,332	934	5,747
Finger Lakes	493,014	1,221	8,631



Long Island	1,156,270	2,549	16,917
Mid-Hudson	882,943	1,561	13,010
Mohawk Valley	168,051	367	2,372
New York City	3,019,444	6,374	34,930
North Country	148,600	348	2,016
Southern Tier	224,970	411	3,367
Western New York	534,950	1,249	7,528
Nan tout Eta a	7,416,529	16,177	102,348

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflète kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)